

BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Sumber Data

Sumber data atawa obyék dina ieu panalungtikan nyaéta *Wawacan Siti Khadijah Dagang*. Ieu wawacan mangrupa dokuméntasi pribadi. Sumberna ti Apih Usin, pernahna di Kampung Tugu, Desa Cipeundeuy, Kecamatan Surade, Kabupaten Sukabumi. Aksara anu digunakeunana nyaéta Arab Pégon jeung ngagunakeun Basa Sunda. Kandel naskahna 180 kaca, unggal kacana 13 jajar, sarta pupuh nu digunakeunana aya 11.

Tina ieu sumber data ditalungtik jeung dipedar eusi jeung struktur carita pikeun dijadikeun populasi atawa sampel total.


3.2 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nyaéta sakabéh prosés anu diperlukeun dina ngararancang sarta ngalaksanakeun panalungtikan.

Dina ieu panalungtikan aya sababaraha léngkah panalungtikan, nyaéta: (1) maluruh kaayaan naskah, (2) transliterasi naskah, (3) ngolah data, (4) kacindekan, jeung (5) nyusun laporan. Sangkan leuwih jéntré deui dibagankeun saperti kieu:

Bagan. 3.1

Desain Panalungtikan



Yayang Setia Asih, 2014

Wawacan siti khadijah dagang Pikeun bahan ajar maca carita buhun di sma¹ (transliterasi jeung ulikan struktural)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.3 Méthode Panalungtikan

Istilah méthode asalna tina kecap *methodos* (basa Latén) anu hartina cara, stratégi pikeun maham *réalitas* (kanyataan) dumasar léngkah-léngkah sistematis pikeun ngungkulan runtuyan sabab-akibat. Salaku alat, méthode miboga fungsi pikeun ngabasajankeun pasualan, sangkan leuwih gampang pikeun dipikaharti sarta diréngsékeun (Ratna, 2013: 34).

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta méthode déskriptif analisis. Méthode déskriptif analisis nyaéta méthode anu ngagambarkeun atawa ngadéskripsikeun ngeunaan fakta-fakta anu nyampak dina obyék panalungtikan (Ratna, 2013: 53).

Dina ieu panalungtikan, éta méthode téh dipaké pikeun ngadéskripsikeun naskah *Wawacan Siti Khadijah Dagang* sangkan kapaluruh kaayaan naskahna, struktur carita anu ngawangun caritana, anu saterusna dijadikeun bahan pangajaran maca carita buhun di kelas XII SMA.

3.4 Wangenan Operasional

Ieu di handap dijéntrékeun istilah-istilah anu aya patalina jeung panalungtikan, di antarana nyaéta:

- 1) *Wawacan Siti Khadijah Dagang* nyaéta wawacan anu eusina nyaritakeun ngeunaan Siti Khadijah salaku sodagar beunghar tur kasohor di nagara Mekah, sarta Kangjeng Nabi Muhammad SAW anu diajar dagang ka Siti Khadijah. Lalampahan Kangjeng Nabi Muhammad sarta sodagar-sodagar séjén anu indit ka nagara Syam pikeun nyiar kipayah. Nyebarkeun ajaran agama Islam sarta kahirupan Kangjeng Nabi Muhammad katut para kulawargana.
- 2) transliterasi nyaéta ngaganti jenis tulisan atawa huruf dina naskah.
- 3) analisis struktur mangrupa hiji kajian anu dipaké pikeun mesék karya sastra kana unsur-unsur intrinsik anu ngawangun hiji carita dina karya sastra

(*Wawacan Siti Khadijah Dagang*). Dina ieu panalungtikan diwatesanan kana informasi ngeunaan fakta carita (palaku, galur, jeung latar) wungkul.

- 4) bahan ajar nyaéta sajumlahing matéri anu ditepikeun ka siswa dina prosés diajar-ngajar.

3.5 Instrumen Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat-alat anu digunakeun pikeun ngumpulkeun, ngolah, jeung ngainterprétasi sagala informasi anu ditarima. Anapon instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) Tabél analisis pupuh anu digunakeun dina *Wawacan Siti Khadijah Dagang*, digunakeun pikeun maluruh jumlah pupuh jeung pada dina unggal kanto.

No	Runtuyan Pupuh	Ngaran Pupuh	Jml Pada	Guru Wilangan	Guru Lagu
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)
1					
2					
3					

- 2) Tabél analisis kasalahan guru wilangan, digunakeun pikeun maluruh kasalahan makéna guru wilangan dina unggal padalisan, jeung katerangan leuwih atawa kurangna padalisan dina unggal pada.

No	Pada ka	Padalisan	Engang	
			Leuwih	kurang
1				
2				
3				
4				

- 3) Tabél kasalahan analisis guru lagu, digunakeun pikeun maluruh kasalahan makéna guru lagu dina unggal padalisan.

Yayang Setia Asih, 2014

Wawacan siti khadijah dagang Pikeun bahan ajar maca carita buhun di sma¹ (transliterasi jeung ulikan struktural)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

No	Ngaran Pupuh	Pada ka-	Padalisan ka-	Katerangan	
				dina téks	kuduna
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)
1					
2					
3					

3.6 Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan mangrupa léngkah anu paling penting dina panalungtikan, sabab tujuan utama tina panalungtikan nyaéta pikeun meunangkeun data. Téhnik panalungtikan mangrupa salah sahiji usaha pikeun milih prosédur naon anu kudu dilakonan luyu jeung métodé anu tangtu, supaya tujuan anu dimaksud bisa kahontal.

Dina téhnik panalungtikan ngawengku dua tahap, nyaéta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

3.6.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun studi dokuméntasi.

Studi dokuméntasi dilaksanakeun ku cara ngumpulkeun bahan-bahan sarta macaan literatur-literatur ngeunaan wawacan jeung transliterasina, analisis struktur karya sastra pikeun meunangkeun dasar-dasar tiori anu aya patalina jeung panalungtikan.

3.6.2 Téhnik Ngolah Data

Dina ngolah data digunakeun téhnik analisis téks. Ari léngkah-léngkahna nyaéta:

- 1) idéntifikasi jeung maca naskah *Wawacan Siti Khadijah Dagang*;
- 2) nyusun transliterasi naskah *Wawacan Siti Khadijah Dagang*;
- 3) nyieun ringkesan carita *Wawacan Siti Khadijah Dagang*;

Yayang Setia Asih, 2014

Wawacan siti khadijah dagang Pikeun bahan ajar maca carita buhun di sma¹ (transliterasi jeung ulikan struktural)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 4) nganalisis struktur carita naskah *Wawacan Siti Khadijah Dagang*;
- 5) nyieun conto bahan pangajaran maca carita buhun pikeun SMA luyu jeung SKKD pangajaran bahasa jeung sastra Sunda;
- 6) nyusun laporan panalungtikan, disusun dina wangun skripsi.

